



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU ADOPSYON LEJISLASYON FEDERAL BIPATIT SOU ZAM

"Pandan twò lontan, peyi sa a te sibi yon epidemi vyolans an mas, ki pran lavi manm pwòp kominote nou an nan Buffalo ak timoun lekòl inosan yo nan Uvalde, Texas.

Mwen aplodi Prezidan Biden, Prezidan Asanble Pelosi, Lidè Majorite Sena a Schumer ak Delegasyon New York pou travay yo fè pou adopte lejislasyon federal sou sekirite zam ki pi enpòtan nan prèske twa deseni. Pandan ke lwa a pa pran tout mezi nou bezwen, li se yon etap enpòtan nan bon direksyon an. Ranfòse verifikasyon antesedan federal yo, kriminalize acha nan prete non ak trafik zam, fèmen brèch konpayon an, ak investiman nan sante mantal timoun nou yo se etap enpòtan ki pral sove lavi imedyatman.

Mwen pral fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou pwoteje Nouyòkè yo. Jis kèk semèn apre zak laperèz sipremasi blan an nan Buffalo, nou te aji byen vit pou nou adopte yon pake lejislatif anblematik nan peyi a pou ranfòse lwa sekirite sou zam nou yo. Pake 10 pwojè lwa, konplè a anpeche moun ki poko gen 21 ane achte fizi semi-otomatik, elaji Lwa Drapo Wouj la, mete restriksyon sou vant blende kò yo epi bay nouvo zouti pou fè respekte lalwa. Apre move desizyon nan semèn sa a nan Tribinal Siprèm Etazini an, ekip mwen an ap travay 24 sou 24 pou eksplòre tout aksyon posib, epi n ap konvoke yon sesyon ekstraòdinè nan lejislati Eta New York la nan 30 jen pou adopte nouvo lejislasyon sou sekirite zam lan.

Mwen ankouraje Kongrè a pou li suiv egzanp nou, epi pou pran plis mezi pou rann nasyon an pi an sekirite pou tout moun".

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)